

# Klamidya

## Kisa klamidya ye?

- **Klamidya** se yon enfeksyon moun pran nan fè bagay (sexually transmitted infection, STI) yo moun ka pran nan fè tibèf, nan fè bagay nan bouboun, oswa nan fè bagay nan twou dèyè.

## Ki moun ki ka pran klamidya?

- Nenpòt moun ka pran klamidya. Kit moun w ap fè bagay ak li a se yon fanm oswa gason, oswa kantite moun ou fè bagay ak yo.

## Kijan mwen te fè pran klamidya?

- Ou te pran klamidya nan men yon moun ou te fè bagay ka li. Li ka difisil pou w konnen ki moun ki te ba ou li. Si ou te fè bagay san pwoteksyon ak plizyè moun depi dènye fwa ou te fè tès la, li ka vrèman difisil pou w konnen kiyès ki te ba ou maladi a.

## Kijan m ap fè konnen si mwen gen klamidya?

- Pafwa li difisil pou w konnen si ou gen klamidya. Pifò moun santi anfòm menmsi yo gen yon enfeksyon. **Sèl fason pou w konnen si ou menm oswa moun ou konn fè bagay ak li a gen klamidya se lè nou fè tès la.**

### Si ou gen siy klamidya:

#### Fanm yo ka genyen:

- Yon ekoulman ki pa nòmal
- Santi doulè oswa boule lè y ap pipi
- Bezwen pipi souvan
- Senyen tou piti

#### Gason yo ka genyen:

- Ekoulman
- Santi doulè oswa boule lè y ap pipi
- Bezwen pipi souvan

## Ki risk ki genyen ak klamidya?

**Si yo trete li touswit**, pa ta dwe gen okenn risk. Se poutèt sa nou rekòmande pou moun yo fè tès chak 3 a 6 mwa.

**Si yo pa trete li**, klamidya ka lakòz pwoblèm sante. Men kèk nan pwoblèm sa yo:

- Doulè ak domaj nan basen ak ògàn pati prive yo.
- Enfètilite (pa ka fè timoun).
- Fanm ansent ki gen klamidya ka pase li bay tibebe yo pandan y ap akouche.

## Ki tretman ki genyen pou klamidya?

Ou ka pran medikaman pou retire klamidya sou ou. Medikaman ki trete klamidya se **Azithromycin (Zithromax)** ak **Doxycycline**. Sa yo se antibyotik (medikaman ki ede batay kont enfeksyon).

- Pran jwenn yo preskri ba ou yo. Ou ka pran medikaman sa a ak yon vant plen (ak manje) oswa yon vant vid (omwen 1 èdtan avan ou manje oswa 2 èdtan apre ou fin manje).
- Ou pa ta dwe pran medikaman sa a si ou fè alèji ak **doxycycline** oswa **azitromycin**.
- Pran tout grenn ou yo jan yo di w la. Li enpòtan pou w fini tout grenn ou yo.

**Apre ou fin pran medikaman ou:** Pa fè bagay pou yon semèn. Li pran 7 jou pou medikaman an travay.

- **Retounen 2 a 3 mwa pou w re-teste.** Sa a enpòtan pou asire ou pa te re-enfekte. Si ou ansent, ou bezwen retounen nan 3 a 4 semèn pou re-teste.

## Pwoteje tèt ou ak moun ou nan relasyon ak yo kont klamidya.

Ou ka pran klamidya ankò menm apre yo te trete li. Si ou fè bagay san pwoteksyon ak yon moun ki genyen li, ou ka pran li ankò. **Men kèk fason ou ka pwoteje tèt ou ak moun ou nan relasyon ak yo kont klamidya.**

### Fè tèss

- Se yon bon lide pou fè tèss pou enfeksyon moun pran nan fè bagay yo **chak 3 a 6 mwa**. Konsa si ou gen yon enfeksyon y ap ka trete touswit.
- **Ou kapab fè tèss pou enfeksyon moun pran nan fè bagay yo nan nenpòt nan klinik CHN yo.**

### Di moun ou nan relasyon ak yo a sa

- Pafwa li ka difisil pou w pale avèk moun ou nan relasyon ou yo sou enfeksyon moun pran nan fè bagay yo. **Mande yon Edikatè Sante oswa Travayè Sosyal CHN kèk konsèy.**
- Si ou vle di yon moun li ta dwe al teste, men ou pa vle yo konnen se te ou, ou ka ale sou sitwèb sa a: <https://www.stdcheck.com/anonymous-notification.php>. Mete imèl oswa nimewo telefòn yo, epi y ap jwenn yon mesaj ki ankouraje yo pou yo al teste. **Sitwèb la pa pral di yo se ou ki te voye mesaj la.**

### Sèvi ak kapòt

- Lè ou sèvi ak kapòt sa pral ede pwoteje oumenm ak patnè ou yo kont klamidya ak lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay.

**Pale avèk founisè CHN ou oswa edikatè sante si ou gen plis kesyon!**